


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Métode déskriptif numutkeun Fathoni (2006, kc. 97) nyaéta panalungtikan nu miboga maksud ngayakeun pamariksaan jeung pangukuran-pangukuran kana hiji kajadian nu tangtu. Lian ti éta, Luyu jeung naon nu diungkarakeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mariksa jeung maluruh rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* kalyan ngagunakeun tilikan struktur, sémiotik, jeung étnopédagogik.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan déskriptifna bisa dibagankeun saperti ieu di handap:



Gambar 3.1
Desain Panalingtikan

Dina desain anu dipedar, ieu panalungtikan kudu maké métode jeung téknik anu luyu. Masalah anu baris dipedar dina ieu panalingtikan dumasar kana kaayaan di lapangan ngeunaan kawih wanda kiliningan anu kaayeunakeun geus mimiti ditinggalkeun. Dipiharep, ku ayana ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun deui ajén seni kiliningan hususna dina rumpakana sangkan bisa ngeuyeuban kabeungharan kasusastraan Sunda.

Dina legana masalah anu baris dipedar, panalungtikan dipuseukeun kana struktur rumpaka, sémiotik jeung ajén étnopédagogik anu aya dina rumpaka. Anapon ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitis kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 76), panalungtikan déskriptif nyaéta hiji wangun panalungtikan anu pangdasarna. Tujuanna pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun kaayaan-kaayaan nu aya, boh kaayaan anu sipatna alamiah, boh rékayasa manusa. Hasil dina ieu panalungtikan taya lian pikeun sumbangsih utamana ka dunya atikan. Atuh satuluyna, hasil ieu panalungtikan bisa jadi salahahiji tarékah pikeun ngamumulé kabudayaan anu disawang tina unsur senina.

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data mangrupa hal pokok dina panalungtikan. Data anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkuriyeung*. Rumpaka anu baris ditalungtik di antarana:

- 1) Balébat Iman
- 2) Jatining Hirup
- 3) Karumaosan
- 4) Nikmat Duriat
- 5) Pucuk Camara
- 6) Rukun Iman
- 7) Samoja Bodas
- 8) Sapuluh Daun

3.2.2 Sumber Data

Dina ieu panalungtikan objék anu baris ditalungtik nyaéta ngeunaan album kiliningan Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung. Idéntitas album téh nyaéta:

judul	: <i>Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung</i>
wanda	: Kawih Kiliningan
juru kawih	: Cicih Cangkurileung
wedalan	: Panama Record
jumlah lagu	: dalapan lagu



Gambar 3.2
Album Gamelan Kasik Cicih Cangkurileung

Garapan dina ieu panalungtikan museur kana eusi, simbol, sarta ajén-ajén anu nyampak dina rumpaka. Patalina jeung hal éta, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan kecap anu ngawujud rumpaka tina kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung*.

3.2.3 Cicih Cngkurileung jeung Karyana

Cicih Cangkurileung kasohor salaku sindén anu salila hirupna aktif boh dina pintonan panggung, boh dina dunya rékaman. Sababaraha jenis kasenian anu sok ngalibetkeun anjeunna di antarana *wayang golék*, *kiliningan*, *celempungan* jeung *jaipongan*. Kiprahna di dunya kapasindénan di Jawa Barat geus diaprésiasi salaku sindén petingan, nepikeun anjeunna diaku jadi salahahiji tokoh sindén anu aya di Jawa Barat.

Cicih Cangkurileung gumelar di Kampung Sembung, Kecamatan Pagaden, Kabupaten Subang ping 5 Juli 1950. Anjeunna anak ka dua ti dua sadulur. Bapakna Suwata, pakasabannana tani sarta seniman, nu salahahijina tapis din maenkeun Tarawangsa, beluk, karinding, jeung kacapi jenaka Sunda. sedengkeun ibuna, Karni, turunan para seniman dalang wayang kulit jeung penari

topeng nu asalna ti daerah Indramayu. Robahna ngaran Cicih ti Rukaesih jadi Cangkurileung sabada anjeunna jadi pinunjul pasanggiri juru kawih sa-Jawa Barat dina taun 1962 pikeun kategori budak. Ieu kajadian lumangsung nalika Cicih Cangkurileung karék nincak kelas V Sakola Rakyat.

Ngaran Cicih Cangkurileung téh gelar nu dipaparinkeun ti girang pangajén ka para pinunjul harita. Girang pangajén harita nyaéta tokoh-tokoh seniman Sunda, di antarana Mang Koko Koswara jeung Ibu Upit Sarimanah.

Salaku jalma nu lahir ti lingkungan kulawarga seniman, Cicih ngabogaan bakat seni anu kentel nu diwariskeun ti Indung Bapana, sarta ti Aki buyutna. kahirupan sapopoé Cicih keur budak aya disabudeureun jalma-jalma nu maham sacara husus ngeunaan kasenian wayang kulit jeung topéng. Éta rupa-rupa kasenian téh satulunya loba mangaruhan Cicih pikeun milu aub dina seni. Cicih némbongkeun kamotékaran dirina dina widang seni, husunna seni kawih.

Nalika nincak umur tilu taun, Cicih jadi anak angkat ti salah sahiji dulur Akina, nyaéta Carma. Carma téh dalang wayang kulit nu mindeng minton di Subang, Indramayu, jeung Cirebon saméméh taun 70-an. Ku lantaran teu ngabogaan katurunan, kanyaah Carma jeung Pamajikanana kalintang gédénaka Cicih. Ti umur tilu taun Cicih Cangkurileung mindeng diajak pelesir pikeun ningali Bapa angkatna minton pagelaran wayang kulit atawa topéng (Indramayu jeung Cirebon). Kulantaran mindeng ngaprésiasi boh, sacara langsung, boh teu langsung, antukna bakat jeung minat seni Cicih Cangkurileung beuki kaasah.

Nalika nincak umur opat taun, Cicih Cangkurileung geus bisa nembangkeun sababaraha kawih kapasindénan wayang kulit. Ieu kamampuh téh tangtuna jadi kareueus pikeun kolot sarta kulawargana. Kulawargana sadar yén Cicih boga bakat ngawih nu hadé. Kalayan apingan langsung ti bapa Carma, Cicih diajar kawih kapasindénan, hususna kawih nu biasa dihaleuangkeun nalika pagelaran wayang kulit. Ieu prosés diajar kawih téh dimimitian ti umur lima taun. Dina prosés diajar kawih, Cicih diajarkeun laras saléndro ku Akina kalayan ngagunakeun gamelan, surupan, jeung kawih dina wayang kulit. Cicih ogé diajar nabeuh gamelan. Prosés diajar nyindén ieu lumangsung sacara husus kurang leuwih tilu taun.

Umur dalapan taun, Cicih Cangkurileung geus ngawasaan rupa-rupa lagu wayang kulit. Haleuang sorana dina mawakeun kawih geus kawilang alus. Hal éta nu jadi alesan Carma wani ngajak jeung ngalatih Cicih pikeun jadi sindén dina pagelaran wayang kulit nu dipingpin ku anjeunna. Lian ti alesan éta, Carma pribadi nyebutkeun, dina tradisi pangajaran seni pertunjukan lianna, prosés diajarna Cicih kana seni bisa lewih hadé sarta ngawujud saumpama dipraktekeun langsung dina pagelaran.

Pintonan munggaran Cicih di panggung jadi kareueus kulawargana. Kulawargana percaya yén Cicih moboga bakat sarta kaparigelan pikeun jadi sindén nu hadé. Kulawargana ogé miharep Cicih bisa jadi sindén maher. Maksudna, sindén nu hadé, tapis, tur kawentar.

Alesan-alesan di luhur nu ngarojong prosés kasenimanane Cicih jadi kuat lantaran pangaruh ti lingkungan kulawargana. Pikeun ngasah leuwih jauh kaparigelanana salaku sindén, Cicih mindeng diajak méntas wayang kulit kalayan didalangan ku Uyut Arkat, Aki Dalang Sojat, atawa Aki Dalang Warsa.

Proses diajar Cicih teu kawatesanan di lingkungan imah, tapi ogé tina pangalaman-pangalamanna nalika anjeunna milu manggung. Prosés diajarna teu kawatesanan ku ngawanohkeun jeung ngawasa kawih-kawih dina pintonan wayang kulit wungkul, Tapi ogé diajar kawih-kawih dina lingkup karawitan Sunda, hususna kawih-kawih kacapian. Pikeun wanda kawih pamungkas, Suwata (bapana) jadi guru munggaran nu ngalatih Cicih.

Nalika kelas V Sakola Rakyat (SR), Cicih geus boga préstasi, nyaéta jadi pinunjul pasanggiri juru kawih sa-Jawa Barat katégori murang kalih taun 1962, nu diayakeun di Kabupaten Purwakarta. Dina éta forum pasanggiri, ngaran Cicih nu biasa disebut Cicih Rukesih diganti jadi Cicih Cangkurileung. Ieu ngaran téh jadi populér pikeun anjeunna nepika ayeuna. Harita sababaraha piala kaboyong kabéh ku Cicih.

Hontalan prestasi di luhur beuki ngukuhan Cicih pikeun neuleuman leuwih jauh dunya sindén. Éta prosés diajar téh nempatkeun Cicih dina dua wilayah tradisi budaya, nyaéta seni Cirebon jeung Sunda. Eta dua wilayah tradisi téh

tangtuna sacara pribadi jadi ciri mandiri anu dipimilik ku Cicih, sok sanajan dina kamekarannana, Cicih justru leuwih loba aub dina seni tradisi Sunda.

Cicih Cangkurileung, sacara husus neuleuman kawih-kawih pikeun pagelaran wayang golek. Éta prosés diajar téh nalika Cicih umur 12 taun sarta geus lulus Sakola Dasar. Prosés diajarna kurang leuwih sataun. Guru munggaran nu ngajarkeun Cicih kawih dina pagelaran wayang golek téh nyaéta Mang Suwandi. Nurutkeun guruna, Cicih Cangkurileung kaasup murid nu gancang narima sarta ngawasa kana matéri. Sanajan ngan diajar satun, Cicih mampuh ngawasa kawih wayang golék Sunda.

Saréngséna diajar nyindén ka Mang Suwandi, Cicih Cangkurileung tuluy guguru nyindén deui ka Ibu Cucun Cunayah anu harita kasohor di Subang. Tujuan Cicih diajar ka Ibu Cucun Cunayah nyaéta pikeun diajar kawih-kawih kapasindénan dina wanda kiliningan jeung seni ketuk tilu. Prosés diajarna lumangsung kurang leuwih tilu taun, ti taun 1962 nepika taun 1965.

Réngsé guguru ka sindén Cucun cunayah, kahayang Cicih nu teteg pikeun diajar nyindén teu eureun kitu waé. Anjeunna nuluykeun guguru ka opat Sindén anu dipigandrun. Opat Sindén lewih ti heula geus kasohor téh di antarana nyaéta Encem (ti Ciater Subang), jeung Een Ratnengsих (ti Bandung). Éta dua sindén téh murid sindén Titim Fatimah. Dua sindén lianna nyaéta sindén Dariah jeung Aan Kamirah, dua sindén kahot nu asalna ti Indramayu. Prosés diajarna kurang lewih lima taun, ti mimiti taun 1965 nepika taun 1970.

Alesan Cicih diajar ka para Sindén di luhur lantaran kairut jeung hayang ngawasa gaya ngawih nu dibawakeun ku opat sindén di luhur. Ti opat sindén éta, Cicih meunang loba pangaweruh kumaha gaya ngawih nu biasa dibawakeun ku para Sindén kasebut.

Lian ti neuleuman kawih kapasindénan ti taun 1965 nepika taun 1970, Cicih Cangkurileung masih kénéh sok narima lamaran panggungan jeung grup wayang golek ti daerahna sorangan, di antarana: Dalang Salkim, Dalang Rusmi, Dalang Eman, Dalang Nacim, Dalang Darlam, jeung Dalang Andi.

Taun 1967 dina umur 17 taun, Cicih Cangkurileung ngadahup ka Sutisna, tentara ti satuan Angkatan Darat 312 Subang. Taun 1990 Cicih ditinggalkeun ku

carogéna tilar dunya. Tina rumah tanggana éta, Cicih dipaparin dua putra, nyaéta Agustini Setiawati, S.H. nu leuwih kasohor ku sebutan *Cineur*. Éta ngaran téh ngaran popoler di panggung bajidoran atawa jaipongan. Sabada nutaskeun sakola formal ti SMKI, SMA, sarta paguron luhur di UNPAS jurusan hukum, Cineur leuwih aktif jadi Sindén, saperti Ibuna. Lian ti narima lamaran péntas pribadi atawa bareng jeung Ibuna, Cineur ogé ngadegkeun sarta mingpin grup kasenian bajidoran sorangan, nu dingaranan Cineur Group. Sedengkeun adina Asep Dudi Sunarya, pakasabannana salian ti tani sok jadi supir jeung ngarangkep jadi manager kagiatan péntas Cicih Cangkurileung.

Taun 1971 nepi taun 1975, Cicih Cangkurileung ngagabung jeung grup kilinangan sarta wayang golek *Mekar Arum*, pingpinan H. Adna ti Subang. Sabada 15 taun lalampahan diajar, ti mimiti Cicih diajar nyinden wayang kulit, topeng, kiliningan, ketuk tilu, jeung wayang golek, boh ka kulawarga, paguron sindén, boh kapara sindén kahot. Éta pangalaman téh nepi ka nyiar élmu langsung ngaliwatan pintonan jeung sababaraha grup, boh wayang golek boh kiliningan.

Taun 1976 popularitas Cicih beuki ngaronjat. Ngaran Cicih Cangkurileung beuki sohor di panggung pintonan jeung panggung pasanggiri. Ieu popularitas ogé nu ngarojong anjeunna pikeun wani ngadegkeun sarta mingpin langsung grup seni sorangan.

Masih dina taun 1976, Cicih Cangkurileung kasinugrahan jadi Sindén Pinilih munggaran sa-Jawa Barat dina Binojakrama Pedalangan, nu diayakeun di Bandung. Dina taun nu sarua ogé cicih Cangkurileung ngadegkeun grup sorangan nu dingaranan “Mitra Kancana”. Diadegkeunana ieu grup sakaligus jeung ngadegna “Sanggar Kawih Kapasindénan Mitra Kancana”.

Ku préstrasina salaku sindén nu punjur sa-Jawa Barat, ngaran Cicih Cangkurileung beuki kasohor. Salain ti tawaran manggung bareng grupna sorangan, atawa bareng jeung grup batur, Cicih Cangkurileung loba meunang tawaran pikeun rékaman ti sababaraha perusahaan musik. Ti mimiti taun 1976 nepika taun 1981, anjeunna dikontrak ku perusahaan rékaman *Sampurna Record*. Cicih dikontrak produksi album seni wayang golek Dalang Dede Amung nu lobana 10 album, jeung puluhan album kiliningan sarta jaipongan. Hasil tina éta

produksi kurang leuwih aya 8 album jaipongan jeung kiliningan Cicih Cangkurileung. Albumnu kasohor di masarakat di antarana dina album kawih *Éplok Céndol, Nimat Duriat, Kiser Saidah, Gendu kejawén, Gadis Subang, Puseur Pamadegan* jeung *Duriat Meunang Ngakalan*.

Mimiti taun 1982 nepika taun 2000, Cicih Cangkurileung narima kontrak rekaman ti perusahaan rékaman *MTR Record*. Rekaman nu diproduksi nyaéta seni *jaipongan, kiliningan, wayang golek, calung, celempungan*, jeung *dakwah kawih kapasindénan*. Hasil tina ieu produksi lolobana album rekaman jaipongan jeung kiliningan. Kawih Cicih Cangkurileung nu populér di masarakat, saperti dina album kawih; *Kacapiring, Kidung Pancasila, Kembang Gadung, Salempay Beureum, Daun Hiris, Mustika Èndah*, jeung *Adu Manis*.

Adu Manis, album nu diproduksi taun 1986 jadi album Cicih Cangkurileung nu pangsohorna. *Adu Manis* téh album kawih jaipongan nu suksés meunangkeun rétting penjualan pangluhurna sakaligus meunang panghargaan *BASF Award* kalayan kategori *musik tradisional terbaik*. Tina kasuksésan ieu album ogé, Cicih Cangkurileung meunang panghargaan sarta sakaligus bonus umroh ka tanah suci Mekah ogé bonus *finansial* nu jumlahna sapuluh juta rupiah ti perusahaan kaset *BASF*.

Sohorna kawih Cicih Cangkurileung di masarakat téh lantaran mindeng dibawakeun nalika péntas kiliningan, jaipongan, atawa pentas wayang golék. Hanjakal, nalika album-album séjénna dianggap sohor, Cicih Cangkurileung justru ngangluh. Cicih can kungsi meunang bonus ti Produser atawa perusahaan kasét. Kontrak rékaman téh sipatna sapihak, atawa *jual putus*. teu kungsi aya hak seniman ngeunaan *royalty*, iwal ti bayaran kahiji pikeun hiji album nalika prosés rékaman. Nalika jumeneng kénéh, anjeunana hayang mertahankeun posisina salaku Sindén. Anjeunna moal narima tawaran rekaman upama teu dibayar per hiji album saharga dua puluh juta rupiah. Cicih handeueul lantara tara dibéré bonus jeung ukur dibayar sajuta lima ratus rebu rupiah per hiji album.

Sababaraha album séjénna anu kungsi medal di antarana waé *Dawah Islam, Sunda Klasik, Titip Salam, Ngiring Bingah, Gadis Subang, Reumis Janari, Béndrong Kejawén, Gara-Gara Buah Jagong, Oray Welang, Bulan Sabeulah*,

Ranjang Pangantén, Jaipongan Kacapiring II, Ngipri, Éplok Céndol II, jeung *Kliningan Anyar 2010*. Pikeun album kompilasi di antarana waé aya album *Pawéi Sindén Sohor*. Karya Cicih salahajina dina album *Layung Konéng* kalayan juru sindénna Iis Nurléla. Album *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* di taun 2011 mangrupa album pamungkas saméméh anjeunna ngantunkeun alam dunya.

Nalika medalkeun album *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung*, aya deui kajadian anu kacida teu pikagenahaunnana. Nu jadi inti pasualanana, nalika ieu album bérés rékaman jeung *shooting vidéo*, teu lila ti harita ieu album dibajak ku ‘oknum’ anu kacida ngarugikeunana. Lagu-lagu album *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* langsung sumebar di pasaran, utamana di tukang VCD bajakan. Lian ti éta, vidéo klipna ogé langsung sumebar di *youtube*. Tangtu ieu ngarugikeun pisan pikeun Cicih salaku seniman.

Ku ayana kajadian éta, nalika Cicih Cangkurileung ngantunkeun, sakabéh karyana dimusnahkeun ku kulawargana lantaran bakal jadi panginget ka anjeunna. Salian ti éta, ku diteuayakeunnana karya Cicih Cangkurileung mangrupa salahajiji protés ti kulawarga lantaran loba pisan dinyerikeun hususna ku produser rékaman.

Icikbungna Cicih Cangkurileung di dunya rekaman geus ngaréngsékeun kawih ciptaana kurang leuwih 214 kawih kapasindénan, boh dina wangan kawih kiliningan, da’wah kawih kapasindénan, jeung jaipongan. Cicih ogé ngaréngsékeun sababaraha kawih da’wah islam hasil ciptaanna sorangan. Album da’wah ieu ngajadikeun Cicih mindeng diondang ku masarakat pikeun méré ceramah kagamaan.

Aktivitas Cicih Cangkurileung nu séjénna nyaéta ngajarkeun nyindén. Ti mimiti ngadeg taun 1976 nepi ka ngantunkeun, Cicih geus ngabina kurang lewih saratus urang murid nu ayeuna geus jadi sindén. Éta murid-muridna téh asalna ti sababaraha daerah, di antarana: Subang, Karawang, Sukabumi, Ciamis, Bandung, Sumedang, Indramayu, Majalengka, nepika wewengkon Jawa Tengah saperti Banjar Harjo jeung Brebes. Di antara muridna nu suksés jeung asalna ti Subang di antarana: Cicih Muda, Ade Jubaédh, Oon Setianah, jeung Iis.

Sabada sabaraha lila neuleuman dunya kapasindénan boh diajar ngaliwatan pangalaman guruna boh pangalaman diajar sorangan, pikeun jadi sindén nu masagi, ku kituna hal-hal nu diperlukeun ku sindén (Irawan, 2003, kc 75), di antarana: *kahiji*, nguasaan pangarti, hartina nguasaan rupaning pangaweruh téhnis ngeunaan kapasindénan saperti nguasaan lagu (nguasaan musical rumpaka jeung rumpakana, wirahma, laras jeung struktur iringan musical), kudu salawasna ngajaga jeung ngaronjatkeun kualitas sora jeung étika pidangan (kaasup ngajaga ajén pribadi di masarakat jeung pidangan kudu sopan).

Kadua, kudu ngawasa élmu, hartina nguasa pangaweruh nu patali jeung ajén ritual, di antarana: salawasna ngalaksanakeun kawajiban ibadah solat, mampu jeung mindeng ngalaksanakeun tirakat (mampu nahan napsu, lapar, jeung tunduh), jeung mampu nurut ka wejangan nu jadi guru. Ieu hal dilaksanakeun pikeun meunangkeun kanyaah ti Gusti Alloh SWT.

Cicih Cangkurileung ngantunkeun alam dunya dinten Salasa, 18 September 2012 tabuh 02.00 WIB di Kampung Sembung II RT 08/04 Desa Gunungsembung Kecamatan Pagaden Kabupaten Subang. Jasa anjeunna dina ngahirup-huripkeun seni kiliningan hususna kalintang gedéna. Mugia ditampi Iman jeung Islamna. Kénging tempat anu saé mungguh Anjeunna. Amin.

3.3 Téhnik jeung Instrumén Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan di antarana aya téhnik studi pustaka, observasi, dokuméntasi, wawancara jeung analisis. Anapon dadaran unggal téhnik panalungtikan di antarana waé:

- 1) *Studi Pustaka*: Studi pustaka dipaké dina ieu panalungtikan pikeun maluruh informasi anu luyu jeung pasuanan anu ditalungtik. Anapon éta informasi téh dipaluruh dina buku-buku ilmiah, karangan ilmiah, énsiklopédi jeung réa-réa deui.
- 2) *Observasi*: Ténik observasi dina ieu panalungtikan dipaké pikeun meunangkeun data anu aya patalina jeung panalungtikan. Anapon data

anu bakal dipaluruh ngeunaan hal-hal anu nagrojong kana album-gamelan klasik Cicih Cangkurileung.

- 3) *Wawancara*: ieu téhnik dipaké pikeun maluruh hal-hal anu can kajawab di saluareun rumpaka. Téhnik wawancara baris dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha patalékan anu baris ditanyakeun ka narasumber. Anapon anu jadi narasumber di antarana kulawarga Ibu Cicih Cangkurileung jeung simpatisan seniman Kabupatén Subang.
- 4) *Dokumentasi*: Ieu téhnik dipaké pikeun meunangkeun dokuméntasi anu salasahijina mangrupa hasil foto. Tujuanna pikeun maluruh informasi anu bakal ngarojong kana hasil panalungtikan.
- 5) *Analisis*: téknik analisis dipaké pikeun maluruh eusi rumpaka. Anapon analisis anu dipaké nyaéta analisis struktur rumpaka, analisis sémiotik jeung étnopédagogik.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan dipaké pikeun meunangkeun data dina panalungtikan. Instrumén anu dipaké ogé pikeun ngarojong kana téknik panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Anpon dadaran instrumén dina ieu panalungtikan baris dipedar dina pedaran satulunya.

1) Instrumén Telaah Pustaka

Dina telaah pustaka, instrumén anu dipaké mangrupa tabél anu tujuanna pikeun ngadata daptar buku anu dijadikeun rujukan dina ieu panalungtikan. Anpon daptar buku ieu panalungtikan bisa ditingali ieu di handap.

Tabél 2
Daftar Buku anu Dipaké dina Panalungtikan

No.	Buku	Keterangan
1.	Kasastraan	Aya
2.	Kabasaan	Aya

3.	Kasenian	Aya
4.	Pangajaran	Aya

2) Instrumén Observasi

Instrumén anu dipaké mangrupa instrumén céklis anu tujuanna pikeun maluruh kaayaan anu ngarojong kana hasil panalungtikan. Anapon lembar observasina bisa ditingali ieu di handap.

Tabél 3
Lembar Observasi

No.	Hal anu Ditalungtik	Kondisi	
		aya	teu aya
1.	Album-album Ibu Cicih Cangkurileung		
2.	Sanggar Ibu Cicih Cangkurileung		
3.	Kagiatan Sanggar Kapasindénan		
4.	Régenerasi kapasindénan		
5.	Nayaga Kiliningan		
6.	Pangangit Rumpaka		

3) Instrumén Wawancara

Wawancara dipaké pikeun maluruh informasi utamana perkara Riwayat Hirup Cicih Cangkurileung. Wawancara dilaksanakeun ka kulawarga Alm. Ibu Cicih Cangkurileung, ka pasindén anu mémang wanoh jeung anjeunna, ogé simpatisan seniman di Kabupaten Subang. Pedoman wawancara anu

dilaksanakeun diwangun ku sababaraha patalékan. Anapon patalékan dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina pedoman wawancara di handap.

PEDOMAN WAWANCARA	
1.	Kumaha riwayat hirup, ibu Cicih Cangkurileung téh?
2.	Kumaha kasang tukang kulawarga ibu Cicih?
3.	Kumaha kasang tukang Ibu Cicih dina guguru nyindén?
4.	Naon waé Kagiatan Ibu Cicih salian ti nyindén?
5.	Naon waé karya-karya Ibu Cicih Cangkurileung?
6.	Préstasi naon waé anu kungsi dicangking ku Ibu Cicih?
7.	Naon waé karya-karya Ibu Cicih?
8.	Kumaha Sosok Ibu Cicih di kulawargana?
9.	Kumaha sosok ibu cicih pikeun seniman Kabupatén Subang?
10.	Kumaha prosés anu marajian gumelarna album Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung?
11.	Saha anu nyanggi rumpaka dina album <i>Gamelan Kalsik Cicih Cangkurileung</i> ?

DATA INFORMAN	
Wasta :	
Umur :	
Padumukan :	
Pakasaban :	

4) Instrumén Dokuméntasi

Instrumén anu dipaké dina téknik dokuméntasi nyaéta pakakas digital anu bisa ngarékam ogé nyokot vidio jeung ngarékam sora. Instrumén pikeun dokuméntasi di antarana handycam, pakakas ngarékam dina HP jeung kaméra.

5) Instrumén Analisis

Instrumén anu dipaké dina nganalisis nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun nganalisis jumlah pada jeung padalisan, *imaji, simbol atawa lambang, musicalitas, suasana, téma, gaya basa, silib, sindir, simbul, siloka* jeung *sasmita* dina rumpaka. Satuluyna ogé dipedar ngeunaan papasingan moral manusa dina tilikan étnopédagogik. Tujuan dipakéna kartu data nyaéta sangkan babari dina nganalisis data jeung nyieun kacindekan. Anapon Kartu data anu dipaké saperti ieu di handap.

- a) Pikeun maluruh jumlah pada jeung padalisan

Tabél 4
Jumlah Pada jeung padalisan

No.	Kode Rumpaka	Judul Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

- b) Struktur Rumpaka

KARTU DATA STRUKTUR RUMPAKA	
Kode Rumpaka:	
Imaji :	
Simbul :	

Musikalitas atau Wirahma:
Suasana :
Téma :
Gaya Basa :

c) Analisis Sémiotik

KARTU DATA SÉMIOTIK RUMPAKA
Kode Rumpaka:
Silib :
Sindir :
Simbul :
Siloka :
Sasmita :

d) Ajén Étnopédagogik

KARTU DATA AJÉN ÉTNOPÉDAGOGIK RUMPAKA
Kode Rumpaka:
MMT :
MMA :
MMW :
MMP :

MMM :
MMLB :

Keterangan:

1. MMT: Moral Manusa ka Pangéran
2. MMA: Moral Manusa ka Alam
3. MMW: Moral Manusa ka Waktu
4. MMP : Moral Manusa ka Pribadina
5. MMM: Moral Manusa ka Manusa Séjénna
6. MMLB: Moral Manusa Lahir Batin

Sangkan babari dina nganalisis, rumpaka anu baris dianalisis dibéré kode. Anapon kodena disimpen dina handapeun pada. Kode anu dipaké wangu formatna saperti ieu di handap.

Kode : (ngaran album/rumpaka/pada/padalisan).

Contona : (GKCC/A/01/01)

Dina kode rumpaka, dicirian maké kode A nepi ka H, luyu jeung jumlah lagu dina album. Sedengkeun GKCC mangrupa singgetan tina *Gamelan Klasik Cicih Cangkuriileung*. Anapon tujuan éta kode téh sangkan nu maca babari dina maluruh sumber data anu dituduhkeun ku panalungtik dina prosés medar hasil panalungtikan.

3.4 Analisis Data

Data nu geus kapanggih, saterusna diolah maké téhnik analisis unsur-unsur rumpaka, sémoitik pancacuriga jeung étnopédagogik. Analisis unsur-unsur rumpaka dipaké pikeun maluruh unsur-unsur puisi anu aya dina rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkuriileung*. Anapon léngkah-léngkah pikeun nganalisis data bisa ditingali di handap.

- 1) Data hasil panalungtikan dipasing-pasing dumasar tabél rumpaka anu dipaké;

- 2) Data tuluy dianalisis struktur rumpakana anu ngawengku *imaji, simbul* atawa *lambang, musicalitas* atawa *wirahma, suasana, téma, jeung gaya basa*;
- 3) Saréngséna dilaksanakeun analisis struktur, tuluy rumpaka dianalisis maké tilikan sémiotik pancacuriga anu ngawengku *silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita*;
- 4) Réngsé kapaluruh tanda nu aya dina rumpaka, satuluyna dipaluruh ajén étnopédagogik rumpaka anu ngawengku *moral manusa ka pangéran (MMT), moral manusa ka alam (MMA), moral manusa ka waktu (MMW), moral manusa ka pribadina (MMP), moral manusa ka manusa séjénna (MMM), jeung moral manusa dina ngahontal Kasugemaan lahir jeung batin (MMLB)*;
- 5) Saréngséna dianalisis ngaliwatan struktural, sémiotik jeung ajén étmonpédagogik, satuluyna nyieun kacindekan jeung saran kana hasil panalungtikan anu bisa jadi bahan rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.